



Rekòmandasyon

Men bagay nou dwe konnen lè yon siklòn finn pase

Creole translation of "Key Facts about Hurricane Recovery" (www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes/recovery.asp)

Kijan pou nou konsève manje nou byen

Menm si pa gen kouran elektrik, frijidè nou kapab kenbe manje byen fre si nou pa louvri li. Na kapab ajoute yon blòk glas oswa glas sèk si pap gen limiyè pou plis pase 4 èd tan.

Wa kapab manje manje ki te deja nan frizè si li rete byen glase ouwa wa remete li nan frizè a ankò si li genyen moso glas sou li. Si manje a te rete plis pase 2 èd tan nan yon tanperati pi wo 40 degre "Fahrenheit" ou dwe jete-l, ou dwe jete-l tou si ou pa renmen odè-l, koulè-l, oswa figi li.

Pandan blakawout lan, kite tout pòt frijidè ak frizè yo fèmen pou nou ka kenbe manje yo fre pandan pi lontan.

Men sa pou nou fè si yon blakawout ta dire plis pase 4 èd tan:

- Sèvi ak glas sèk si nou jwenn li. 25 liv glas sèk ap kenbe yon frizè 10 pye kib byen fre pandan 3 oswa 4 jou. Mete bon jan gan sèk ak epè epi fè atansyon lè nap itilize glas sèk lan, pou malè pa rive ou.
- Kanta frizè-a: Yon frizè ki mwatye ranpli kapab kenbe manje yo byen fre pandan 24 è. Yon frizè byen ranpli kapab kenbe manje-a fre pandan 48 è. Pa louvri pòt frizè-a twòp.
- Kanta frijidè-a: Mete lèt, tout pwodwi ki gen lèt ladan yo, vyann, pwason, ze, bouyon, ak lòt bagay ki kapab gate, mete tout nan yon bwat yo rele "cooler" e ou ap vlope yo ak glas. Nou dwe jete tout manje ki te rete pandan omwen 2 èd tan nan yon tanperati pi wo pase 40 degre "Fahrenheit".
- Sèvi ak yon tèmomèt dijital yo pou nou tcheke tanperati manje nou anvan ou kwit li ouwa manje li. Jete tout manje ki genyen yon tanperati piwo pase 40 degre "Fahrenheit".

Si nou bezwen lòt espplikasyon sou jan pou nou konsève manje nan frizè lè yo vinn bay kouran limiyè-a ankò, al sou paj "Food Safety and Inspection"-an, nan "[Keeping Food Safe During an Emergency](http://www.fsis.usda.gov/OA/bups/pofeature.htm)" (<http://www.fsis.usda.gov/OA/bups/pofeature.htm>)."

Si nou bezwen plis enfòmasyon sou jan pou nou konsève manje nou apre yon siklòn ouwa yon inondasyon, tanpri ale sou konpitè nan sit "FDA" yo rele (<http://www.cfsan.fda.gov/~dms/fsdisas.html>).

Kijan pou nou konnen si dlo-a pwòp

Lè yon siklòn pase, sitou si li pote inondasyon, li ka kontamine resèwa dlo potab lan. Si nou bwè dlo sa-a, nou ka tonbe malad. Nou pa ka pran chans kwè dlo sa-a pa kontamine.

Koute byen tout deklarasyon otorite yo sou zafè dlo potab lan. Sèvi ak dlo nan boutèy lè nap manje oswa pou nou bwè. Men sa pou nou fè pou nou pirifye dlo tiyo-an, si nou pa jwenn dlo nan boutèy epi nou pa fè konfyans a dlo nan tiyo-an:

Men bagay nou dwe konnen lè yon siklòn finn pase

(swit paj anvan-an)

- Pa itilize dlo kontamine pou lave véso, brose dan, fè mange, lave men, fè glas oswa fè mange pou ti bebe. Itilize pito lèt ti bebe ki tou prepare. Ou ka sèvi ak yon pwodui ki gen alkòl ladan pou-ou lave men ou.
- Si ou sèvi ak dlo nan boutey, se pou-ou verifye si li soti yon kote pwòp. Si ou gen dout sou dlo-a, se pou-w bouyi-l oswa trete-l avan ou itilize-l. Itilize sèlman dlo nan boutey, dlo bouyi, oswa dlo trete jiskaske yo verifye dlo tiyo yo bon.
- Si-w ka bouyi dlo-a, fè-l pandan yon minit (bouyi li jistan li monte).
- Si-w pakapab bouyi dlo-an, pirifye-l ak grenn klorin, grenn yod, oswa klorox ki bag gen sant (5.25% sodium hypochlorite):
 - Lè-ou pral sèvi ak grenn klorin oswa grenn yod, li byen sou bwat la kòman pou-w sèvi ak pwodui-a.
 - Si-w sèvi ak klorox, mete 1/8 kuyè te (~0.75 ml) klorox nan chak galon dlo lè ou gen on dlo ki klè. Si dlo a pa klè, mete 1/4 kuyè te (~1.50 ml) klorox nan chak galon dlo. Souke-l byen epi kite li poze pandan 30 minit avan ou itilize-l.

Atansyon: Lè ou eseye pirifye dlo-an ak grenn klorin, grenn yod, oswa klorox, nou de konnen ke bagay sa-yo pap touye mikwob yo.

Itilize dlo ak yon ti klorox pou nou rense tout veso avan nou sèvi avè-yo ankò. Se pou nou fè atansyon ak tout kalite respian ke nap itilize. Tankou, rezèwva kamyon pompye, kannistè, oswa boutey, tout bagay sa-yo ka kontamine ak mikròb oswa pwodui chimik. Pa pran chans ak itilize ninpòt aparey pou-w pirifye dlo.

Si siklòn-lan pote inondasyon, la rivyè yo konn pote matiyè fekal ki soti nan egou-yo oswa nan izinn-yo. Menm si-w pap malad si dlo sa-a tonbe sou po-w, ou gen anpil chans pou-w malad si-w bwè-l oswa ou fè manje avè-l.

Pa kite timoun-yo jwe nan dlo kap dòmi après yon inondasyon. Toujou lave men ti moun-yo (sitou avan yo manje), epi pa kite yo jwe ak jwèt ki tap trennen nan dlo kontamine si-w pa dezenfekte jwèt-la. Ou ka dezenfekte jwèt-yo lè ou melanje 1 tas klorox nan 5 galon dlo.

Si nou bezwen plis enfòmasyon sou kouman pou nou pirifye dlo apre yon siklòn oswa lè dega finn pase, tanpri ale sou konpitè nan sit "[CDC](#)" yo rele [Hurricanes and Your Health and Safety](#).

Kijan-n nou kabay yon moun premye swen

Premye swen yo trè zenpòtan lè yon moun bwè oswa tonbe nan dlo kontamine (dlo kontamine ak matiyè fekal moun, bèt, fatra, oswa pwazon).

- Netwaye rapidman ak savon ak dlo pwòp tout kote moun nan blese.
- Mete yon krèm antibiyotik pou rete enfeksyon-yo.
- Si nou wè blesu-a vinn wouj, anfle, oswa lap fè dlo, rele imedyatman yon doktè.
- Si ka-a grav, al jwenn yon doktè pou-w konnen ki kalite tretman pou-w resevwa (tankou si pou-w al pran piki kont tetanòs).

Kijan pou nou netwaye mikròb ki ta tonbe sou kay nou

Se pou nou fè atansyon lè gen twòp imidite nan kay nou, paske imidite pwodui mikròb. Nou dwe konbat mikròb sa-yo, pou nou evite alèji oswa maladi grav tankou opresyon.

Men bagay nou dwe konnen lè yon siklòn finn pase

(swit paj anvan-an)

“EPA” piblye on dokiman ki rele [Fact Sheet: Flood Cleanup: Avoiding Indoor Air Quality Problems](http://www.epa.gov/iaq/pubs/flood.html). (<http://www.epa.gov/iaq/pubs/flood.html>) Dokiman sa-a pale nou kijan pou nou netwaye ak repara kay nou apre inondasyon ak kisa pou nou fè pou nou evite pwoblèm nan lè anndan kay-la. Si nou bezwen plis enfòmasyon sou zafè mikròb ak lasante, konsilte seksyon “CDC/National Center for Environmental Health (NCEH) paj on [Molds in the Environment](http://www.cdc.gov/nceh/airpollution/mold/moldfacts.htm) (<http://www.cdc.gov/nceh/airpollution/mold/moldfacts.htm>).

Kijan pou nou egzante blese aprè yon siklòn

Aprè yon siklòn, moun nan zòn-lan toujou gen pwoblèm menm si van ak inondasyon-yo bese. Men direktiv [National Institute for Occupational Safety and Health \(NIOSH\)](http://www.cdc.gov/niosh/homepage.html) (<http://www.cdc.gov/niosh/homepage.html>) bannou pou egzante blese oswa domaj:

Mete ekipman ki ka proteje-ou

Si nap evolye kote te genyen inondasyon, se pou nou mete kask, linèt pou pwoteje je-ou, gan epè, bòt pou inondasyon ak devan an fè.

Mete aparèy pou kouvri zòrèy-ou, pou pwoteje-ou kont gwo bri. Machin tankou si a meto, sechwa, kapab lakòz twòp bri fèt ki kapab ban nou yon deranjman nan zòrèy nou.

Atansyon ak danje elektrisite

- Si dlo te tonbe sou kèk aparèy elektrik oswa sou nenpòt kote ki genyen fil elektrik yo, koupe kouran nèt nan bwat fyouz-yo. Pa rekonekte li tanke ou pa fè yon bonjan elektrisyen enspekte li pou wou.
- Pa janm antre kote inondasyon te fèt ni pa manyen okenn machin elektrik si atè-an mouye toujou, sòf si ou sèten kouran elektrik-lan koupe. PA JANM manyen yon fil elektrik ki sot tonbe atè.
- Si wap sèvi ak yon jeneratè dizèl oswa gazolin pou bay kouran nan yon bilding, mete li sou pozisyon “off” avn ou fè li pati.
- Si ou gen pou-w al travay kote yon fil elektrik te tonbe atè, kontakte konpayi elektrik-lan pou wè kouman yo ka koupe kouran nan fil sa-a. Fè atansyon anpil, lè nap deplase nechèl ak lòt machin pou yo pa touché ak okenn fil elektrik.

Si nap travay kote ki genyen fil elektrik, silvouplè konsilte konsèy nou yo nan dokiman “[Hazards of Flood Cleanup Work](http://www.cdc.gov/niosh/flood.html)” (www.cdc.gov/niosh/flood.html) de “NIOSH”.

Evite pran nan Monoksid de Kabòn

Monoksid de Kabòn se yon gaz ki pa gen sant epi ki pa gen odè men ki se you pwazon lè ou respire li. Pandan epòk netwayaj aprè inondasyon, se pou-w mete deyò tout motè a gaz tankou ponp, dèlk, ak machin a lave epi pou pa janm antre yo anndan kay. Si ou fè sa li ap bon anpil pou sante ou sa ap evite ou pran nan pwazon gaz monoksid de kabòn nan.

Pou plis enfòmasyon sou Monoksid de kabòn, se pou al gade nan [Carbon Monoxide Poisoning](http://www.bt.cdc.gov/disasters/carbonmonoxide.asp) and [Power Outage Safety](http://www.bt.cdc.gov/disasters/carbonmonoxide.asp) (www.bt.cdc.gov/disasters/carbonmonoxide.asp) ak [Carbon Monoxide Poisoning](http://www.cdc.gov/nceh/airpollution/carbonmonoxide) (www.cdc.gov/nceh/airpollution/carbonmonoxide) (ki soti nan CDC's National Center for Environmental Health [NCEH]).

Se pou evite blese nan Misk ou ak eskelèt ou

Men bagay nou dwe konnen lè yon siklòn finn pase

(swit paj anvan-an)

Ou bezwen genyen you atansyon espesyal ki nesèsè pou kapab evite gen doulè nan do ke ou pran nan leve ak nan pote vye debri materyo ki pou bati kay yo.

Pou ede ou evite blese:

- Se pou-w sèvi ak ekip ki genyen de moun oswa plis toujou pou deplase gwo bagay yo.
- Se pou-w evite sòlve nenpòt ki materyèl ki peze plis pase 50 liv (pou chak moun)
- Se pou-w sèvi ak traktè ki pou ede-ou leve bagay yo otomatikman

Se pou fè Atansyon nan Enstabilite Estrikti ya

Se pou pa janm sipoze ke estrikti ki gen domaj dlo yo pa gen pwoblèm oswa ke tè a rete menm jan. Kay yo ki te rete anwo dlo yo oswa ki te rete kanpe djanm fas a dlo presipitasyon ke inondasyon an te fè yo ta kapab genyen kèk pwoblèm nan estrikti yo sa ki kapab lakòz ke yo vin danjre.

- Se pa pou travay nan zòn gwo kay ki anba dlo oswa ki kraze jiskaske yon pwofesyonèl oswa you enjenyè oswa you achitèk kontwole li epi di ke li san danje.
- Se pou mete nan tè ou ke, tout eskalye, tout planche ak tout twati yo pa an sekirite jiskaske yo fin enspekte yo.
- Se pou kite you kote konsa prese prese si ou wè li ap souke oswa si ou tande ti bri ke ou pa konn abitye tande sa yo se siy ke li ka pral efondre.

Se pou Evite Materyo ki Danjre yo

Dlo inondasyon yo kapab soti nan kèk rezèvwa, nan kèk doum, nan kèk tiyo epi nan ekipman ki kapab genyen ladan materyo ki danjre anpil tankou pestisid yo oswa pwopan.

- Se pa pou al nan manyen veso ke ou pa konnen, ke dlo inondasyon-an pote san ke ou pa antre an premye an kontak ak Depatman Risk zòn nan oswa ekip ki ap analize materyo danjre yo.
- Si ou ap travay nan kèk zòn kote ki kapab kontamine, se pou evite respire lè nan zòn sa-a epi pou-w evite tou ke po-ou antre an kontak ak vapè sa, se poutèt sa ou dwe mete sou-w rad pwoteksyon ak mask ki gen respiratè ki fèt pou sa.
- Se pou al lave anpil fwa epi byen lave po-ou ki te pran nan pestisid la yo oswa nan lòt pwodui chimik ki danjre yo.
- Se pou kontakte NIOSH pou plis enfòmasyon sou ekipman ki apopriye pou pwòp sekirite pa ou

Se pou Pare anka Dife pran

Dife kapab konstitiye yon menas enpòtan pou yon zòn ki deja sakaje pa you inondasyon pou tout rezon ke nou pral montre ou la yo:

- Sistèm pwoteksyon kont dife yo pa ka mache.
- Ou pa jwenn repons de biwo ki responsab pou dife ya.
- Ou pa kapab jwen dlo de rezèv pou replen sistèm ponpye yo.
- Inondasyon-an kraze tout sistèm pwoteksyon dife yo.

Pou pi piti se pou ta genyen de estenktè, yo chak dwe genyen ladan yo 'UL' ki genyen pou piti '10A', ke ou ta dwe mete chak fwa ke ou ap fè netwayaj

Anpeche Mouri Nwaye

Lè ou nan dlo ki ap desan, ou se you moun ki an danje pou mouri nwaye, menm si ou konn naje. Paske sa ki nan machin nan yo pi riske toujou pou yo mouri nwaye, se poutèt sa li enpòtan pou ta byen konnen tout avètisman sa yo epi pou respekte yo kanta risk ki genyen sou lari. Pa kondwi otomobil oswa lòt gwo

Men bagay nou dwe konnen lè yon siklòn finn pase

(swit paj anvan-an)

machin kote ou wè ki genyen dlo nan lari ya sitou si ou pa konn pwofondè dlo sa-a. NIOSH rekòmande ke ou evite travay nan yon kote inondasyon sa yo pou kont ou epi pou mete yon jilè sovtaaj-ki apwouve pa Gad Kòt pandan wap travay la.

Se pou Redwi Risk De Efò Tèmik yo

Aprè siklòn nan, lè ou ap netwaye ou toujou an danje ou kapab vin devlope kèk pwoblèm sante nan travay nan zòn ki cho oswa ki frèt.

Pou redwi risk konsènan chalè:

- Se pou bwè yon vè likid chak 15 a 20 minit.
- Se pou mete rad ki gen koulè klè, ti rad dekòlte
- Se pou travay pandan lè ki fre nan lajounen-an.

Se pou gade tou [Tips for Preventing Heat-Related Illness](http://www.bt.cdc.gov/disasters/extremeheat/heattips.asp)

(www.bt.cdc.gov/disasters/extremeheat/heattips.asp), [Heat Stress in the Elderly](http://www.bt.cdc.gov/disasters/extremeheat/elderlyheat.asp)

(www.bt.cdc.gov/disasters/extremeheat/elderlyheat.asp), ak lòt enfòmasyon ki disponib sou [CDC Extreme Heat page](http://www.bt.cdc.gov/disasters/extremeheat) (www.bt.cdc.gov/disasters/extremeheat), .

Pou diminye risk ke fredri lakòz yo kan ou kanpe oswa lè ou ap travay nan yon dlo ki frèt anpil tankou plis pase 75 degre F (24 C):

- Se pou mete bòt nan pye ou ki fèt an kaoutchou.
- Se pou asire ou ke rad yo ak bòt yo byen mache.
- Se pou pran yon ti rekreyasyon souvan pou al bwè dlo.
- Se pou chanje rad chèch sou ou pi souvan ke posib.

Pou plis enfòmasyon sou risk ke ou ka rankontre yo, al konsilte "[Hazards of Flood Cleanup Work](http://www.cdc.gov/niosh/flood.html)" (www.cdc.gov/niosh/flood.html) de "NIOSH".

Anpeche Blese ke se Fatig ki Lakòz yo

Kontinye travay pandan kèk long èd tan, se pou fè yo mache ansanm ak lè ou bouke, ki kapab kreye yon sityasyon ki bay anpil estrès pandan ke ou ap netwaye ya. Anpil moun ki ap travay anba siklòn epi ki ap netwaye dega inondasyon kapab

diminye risk pou blese ak pou malad nan anpil fason ke nou pral montre ou la yo:

- Se pou byen regle priyorite yo pou travay netwayaj ak kote ke ou ap fè li ya. Se pou evite fatig.
- Se pou regle yon orè pou somèy ou pipilis ke ou kapab.
- Se pou alète lè ou fatige oswa lè ou genyen kèk tromatis. Se pou pale de sa ak manm fanmiy ou, se pou de sa toua k zanmi ou yo oswa ak pwofesyonèl ki pou ba ou sipò nan zafè tromatis.

Si w bezwen plis enfòmasyon, al konsilte « [hurricane recovery page](http://www.osha.gov/OshDoc/hurricaneRecovery.html)

(<http://www.osha.gov/OshDoc/hurricaneRecovery.html>) sou sit entènèt "Occupational Safety and Health Administration's"-an.

Kijan pou fè Fas ak Tromatis apre pasaj yon Siklòn

Jou ak semèn ki pral vini apre pasaj siklòn nan pral malouk. Non sèlman pwoblèm ak sante fizik ou, men tou se pou pran yon ti repo tou pou bay sante mantal ou yon ti souf tou. Se pou raple ou ke ensomni lè ou pa kapab dòmi, enkyetid, fè kòlè, fè anpil

Men bagay nou dwe konnen lè yon siklòn finn pase

(swit paj anvan-an)

aktivite, ti depresyon dous, oswa you ti kò kraz tout bagay sa yo nòmal, epi bagay sa yo ka pran you ti tan pou yo ale. Si ou ta santi nenpòt nan sentòm ke nou sot di ou pi wo yo la, se pou ale fè you konsiltasyon.

Eta ou ye ya ak depatman sante nan zòn ou wa pral ede ou jwenn resous ki nan zòn nan, ladann ou ap tou jwenn lopital yo, ak moun kap bay sante ke ou ka byen bezwen.

Diferan repons ki kapab menase oswa fè konnen genyen you evenman tromatik ki kapab rive gen dwa chanje. Reaksyon emosyonèl yo kapab genyen ladann kèk santiman de pè ladann yo, kapab genyen ladann yo kèk santiman de lapèn oswa kèk santiman de depresyon. Repons fizik ak sa ki parèt nan konpòtman ou kapab genyen ladann, noze anvi vomi, vètij tèt fè mal, epi li kapab vin chanje fason apeti ou te ye ak chanje orè somèy ou, epi tou li kapab vin fè ou vin chanje orè jan ou te kon abitye fonksyone chak jou. Repons zafè tromatis yo kapab dire pou kèk semèn ale nan mwa anvan ke moun ki victim bagay sa retounen nan nòmal li sa vle di jan ke li te ye anvan

Se pou chèche swen medikal si ou vinn blese, si ou santi ou malad, oswa si ou fèesperyans de tromatis ak de krent.

Genyen anpil bagay ke ou kapab fè pou fè fas ak evenman tromatik yo, ladann yo ou ap jwenn :

- Se pou kenbe you valè eleman ki konn nan aktivite nòmal ou ke ou vin mete li nan plan dezans la otan ke ou kapab, ki genyen ladan kèk aktivite ki pou beset i krent ke timoun yo ka genyen.
- Se pou mete nan tèt ou ke ou kapab vin pa gen anpil resous pou regle ti bagay chak jou chak jou sa yo, se poutèt sa ki fè nou di ou la se pou ta regle tout sa ou kapab regle avan ke tan kòmanse.
- Ale kay fanmiy ou, kay zanmi ou yo, ak kontak sosyal oswa kontak relijye yo pou ka òganize kèk rezo soutyen ki pou ede ou trete faktè fòs ki ka vini yo.
- Se pou kite timoun ou wan kone ke li nòmal pou li santi li you ti jan boulvèse kan you move bagay oswa kan you bagy ki vin fè li pè rive.
- Se pou ankouraje timoun ou wa pou li fè parèt santiman sa yo ak panse sa yo, san ke ou pa bezwen fè you okenn jijman.

Kijan pou nou fè ak bèt sovaj ak domestik-yo apre yon dezans

Kontakte depatman kontwol animal domestik-yo pou sèvis, veterinè, ou depatman lasante si nou bezwen konsey sou kijan pou'n fè ak animal domestik yo, a bèt abandone yo, e bèt sovaj yo aprè yon siklòn finn pase. Gade tou nan [Resources for Planning How to Protect Your Pets in an Emergency](http://www.bt.cdc.gov/disasters/petprotect.asp) (<http://www.bt.cdc.gov/disasters/petprotect.asp>).

Atansyon a bèt sovaj oswa animal domestik-yo. Pafwa yo konn dezoryante oswa danjre apre yon siklòn oswa yon inondasyon. Eseye wè si w ka sènen bèt-lan men san ou pat met kò w nan pozisyon kote li ta ka mòde-w. Telefone ajans pou kontwòl animal, kidonk "Animal Control" nan konte kote ou abite-an.

Bèt sa-yo kapab sove oswa yo kapab touye yo pandan lè gen dezans. Bèt ki sove kapab vinn mache sou pwopriete kote yo kapab epi yo ka kose dega tankou:

- gate rezèwa dlo
- mete anpil malpwòpte
- devore anpil kote yo pat dwe manje zèb
- domaje rekòlt-yo

Men bagay nou dwe konnen lè yon siklòn finn pase

(swit paj anvan-an)

Kadav bèt kap dekonpoze atire mouch ak rat. Sa ka fè maladi plis gaye. Yo kapab bay move odè epi kontamine dlo ki nan tè ya.

Se pou nou fè jete kadav bèt sa-yo touswit pou yo pa kreye pwoblèm lasante pou lòt bèt oswa kreyen vivan.

Kontakte depatman kontwòl animal yo nan kote nou abite yo oswa depatman lasante nou an pou yo pale nou kijan pou nou fè jete kadav bèt sa-yo.

Lave men nou nan sitiyaon dezaz

Lè yon dezaz finn pase, li ka pa fasil jwenn dlo tiyo. Men li toujou trè zenpòtan pou nou lave men nou pou nou pa pran maladi. Li preferab pou nou toujou lave men nou ak savon ak dlo, men si nou pa ka jwenn dlo, sèvi ak pwodwi a baz alkòl. Si nou bezwen kèk ti konsèy sou jan pou nou lave men nou ak savon ak dlo oswa ak pwodwi a baz alkòl, konsilte dokiman sa-a [Handwashing fact sheet](http://www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes/handwashing.asp). (<http://www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes/handwashing.asp>).

Kòman pou nou anpeche VIRIS du NIL (West Nile Virus, WNV)

Après yon siklòn, moustik ka ponn anpil ze nan dlo poze nan mwa ete e otòn. Jan ki pi fasil pou nou evite WNV se pou nou anpeche ke moustik mòde nou

- Lè ou deyò sèvi avèk pwodwi ki gennyen DEET (N, N-diethyl-meta-toluamide) pou touye insèk. Li instriksyon ki sou bwat la.
- Anpil moustik pi aktif granm matin ak le swa. Se pou ou sèvi avèk pwodwi ki repouse insèk e mete rad ki gen manch long e pantalon le swa ak le matin ou panse ak rete an dedan kay nan lè sa yo. Rad koulè pal ka ede nou wè moustik ki poze sou nou.
- Se pou nou gen bon til sou fenèt ak pòt yo, pou anpeche moustik yo antre nan kay la.
- Nou ka elimine kote ke moustik yo ka ponn si nou jete dlo ki pose nan po flè, bokit, e barik. Change dlo nan asyèt animal domestik yo, e ranplace dlo nan nich zwazo yo chak semen. Pèse twou nan kaoutchou yo pou dlo a ka koule. Jete dlo ki nan pisin ti moun yo e mete pisin yo kanpe sou kote lè yo pap sèvi ak yo.

Si w bezwen plis enfòmasyon, al konsilte www.bt.cdc.gov/hurricanes, or oswa telefone liy espesyal "CDC" an nan nimewo sa-yo: 800-CDC-INFO (Anglè e Espayòl), oswa 888-232-6348 (TTY).